

Pòtoprens, 18 novanm 2021

Nòt Enfòmasyon Rektora Inivèsite Quisqueya

Jodi a pi gwo menas ki plane sou peyi d'Ayiti se ensekirite. Pa gen anyen k ap fonksyone ankò nan peyi nou. Sitwayen yo, asosyasyon yo, gwoupman sosyopwofesyonèl yo itilize tout sa yo genyen kòm mwayen pou fè Leta adrese sitiyaasyon sa : konferans, nòt pou laprès, mach pasifik, grèv, elatriye. Se lave men siye atè. Nou tout dakò otorite Leta yo pa rive ranpli misyon prensipal yo genyen ki se defann sitwayen yo.

Nan mwa me 2019, Inivèsite Quisqueya te òganize yon jounen refleksyon sou gouvènans ak sekirite nan peyi d'Ayiti, nan okazyon sa, divès analiz te mete aksan e demontre kijan gwo palto nan Leta, politisyen, kèk moun nan Lapolis ak nan sektè prive mare sosis yo ak gwoup gang, nan ba yo tout kalte mwayen pou ranfòse tèt yo e kontinye egziste. De lane aprè, nou kapab kenbe menm konklizyon an : Ensekirite k ap brase bil peyi nou an se sitou rezilta fason dirijan nan Leta yo ap gouvène.

Jodi a, lè n ap gade machin ensekirite a ki pèdi fren e k ap pote ale tout sa l jwenn sou wout li, yon gwoup sitwayen ayisyen k ap viv anndan peyi a tankou lòtbò dlo ak divès enstitisyon nan sosyete sivil la mete kanpe yon **Gwoup Travay sou Sekirite (GTS)**. Objektif gwoup sa, se ranmase tout enfòmasyon, itilize zouti syantifik pou analize yo, ekri estrateji kòrèk ak bonjan pwopozisyon ki ka pèmèt nou frennen machin ensekirite sa ; avèti, klewonnen e diskite ak otorite nan Leta peyi d'Ayiti tankou nan lòt peyi sou ki pi bon mannyè nou kapab amelyore kesyon sekirite a nan peyi a.

Inivèsite Quisqueya ankouraje tout inisyativ k ap fòme moun, enfòme moun e k ap ranfòse bonjan gouvènans nan peyi a. Men, li nesèsè pou nou presize pou tout moun ke gwoup travay sa totalman endepandan de Inivèsite Quisqueya ; GTS la se sèl responsab kèlkeswa angajman lap pran.

Jacky Lumarque
Rektè